



Aplike nan lekòl presegondè (epi voye tout odisyon ale) pou pi ta 8 desanm!

Chè fanmi,

Lèt sa a se yon rapèl pou aplike nan lekòl presegondè nan delè **vandredi 8 desanm 2023 a**. Lè w voye aplikasyon pitit ou a nan dat limit la se pi bon chans ou genyen pou jwenn yon òf nan yon pwogram ou chwazi!

- **Ou deja aplike?** Anfòm—Ou fini!
- **Ou poko aplike?** Menmsi w poko fin konnen plan ou pou otòn 2024, sa p ap deranje si w aplike kounye a.

KÒMAN POU APLIKE

1. Konekte nan kont [MySchools.nyc](https://myschools.nyc.gov) ou pou eksplòre opsyon pitit ou a genyen pou lekòl presegondè.
2. Ajoute jiska 12 chwa pwogram nan aplikasyon w lan. Mete chwa yo nan vrè lòd preferans ou, kote w ap mete pwogram ou pi renmen an kòm #1. Pa gen pi bon estrateji.
3. Aplike nan youn nan fason sa yo:
 - **Sou entènèt nan [MySchools.nyc](https://myschools.nyc.gov)** —Nou rekòmande sa a!
 - Atravè konseye lekòl pitit ou a ye kounye a (pou fanmi DOE oswa lekòl charter)
 - Nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center\)](#) (pou fanmi lekòl prive oswa lekòl pawasyal)

OU ENTERESE NAN PWOGRAM ODISYON?

Kèk pwogram art mande aplikan pou voye yon odisyon vityèl nan delè 8 desanm lan. Elèv ki enterese ka voye dosye odisyon yo sou entènèt, dirèkteman atravè kont MySchools li a. Jwenn plis enfòmasyon pou prepare odisyon pou pwogram espesifik nan schools.nyc.gov/MSAuditions.

JWENN PLIS ENFÒMASYON

- Ale sou schools.nyc.gov/MS.
- Gade videyo eksplikasyon sou kòman pou [kreye yon kont MySchools](#) ak [aplike nan lekòl presegondè](#)
- **Ou gen kesyon?** Pale avèk konseye lekòl pitit ou a, jwenn sipò nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#), oswa rele 718-935-2009

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl presegondè a

Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan schools.nyc.gov/SignUp. **Si w vle retire non w sou lis** mesaj pou admisyon lekòl presegondè yo, tanpri klike [la a](#).